

Rapò Anyèl Ane 2024 la





Sijè ki Nan Dokiman Sa a

Plan Estratejik OPWDD

Paj 1

Depans OPWDD

Paj 2

Done OPWDD

Paj 3

Priyosite 1 Mizajou ak Pwogrè

Paj 4-5

Priyosite 2 Mizajou ak Pwogrè

Paj 6-7

Priyosite 3 Mizajou ak Pwogrè

Paj 8-9



Plan Estratejik OPWDD

Nan ane 2023, OPWDD te elabore yon nouvo Plan Estratejik pou senk lane.

Plan an dekri ki chanjman nou ta swete fè nan senk pwochen ane yo soti nan ane 2023 jiska ane 2027.

Plan an genyen priyorite, objektif, ak aktivite ki eksplike kisa OPWDD pral fè pou amelyore sistèm nan ak sèvis yo.

Ou kapab jwenn yon kopi Plan an sou sitwèb OPWDD a nan www.opwdd.ny.gov

Priyorite ak Objektif OPWDD



Priyorite 1: Premye priyorite OPWDD se konsènan anplwaye yo, òdinatè yo epi travay avèk lòt moun.

- Ranfòse Mendèv la
- Mizajou Sistèm Enfòmatrik OPWDD yo
- Travay avèk Moun yo epi Piblik la



Priyorite 2: Dezyèm priyorite OPWDD se amelyore sèvis yo, senplifye règleman yo epi chèche nouvo fason pou ede moun yo.

- Amelyore Sipò ak Sèvis yo
- Senplifye Règ ak Politik yo
- Chèche Nouvo Pwogram ak Sèvis



Priyorite 3: Twazyèm priyorite OPWDD se amelyore èd ki santre sou moun yo.

- Ede Timoun yo, Jèn yo ak Jèn Adilt yo
- Sèvi Moun ki Gen Bezwen ki Konplèks yo
- Atenn Divès Kominote

\$ Depans OPWDD

Se finansman federal Medicaid ak finansman Eta Nouyòk ki peye majorite sèvis OPWDD yo.


OPWDD peye pou moun yo pou yo jwenn sèvis nan diferan ajans ki pa travay pou pwofi ak nan men OPWDD dirèkteman.

Nan ane 2023, OPWDD te depanse anviwon \$9 Milya dola nan finansman Medicaid yo pou peye pou sèvis yo. Sa fè anviwon \$70,000 dola pou chak moun pou yon ane sèvis.

Nan ane 2023, OPWDD te depanse:

- \$491 Milyon dola nan Jesyon Swen
- \$5.3 Milya dola nan moun k ap viv nan Rezidans Sètifye (fwaye kolektif)
- \$705 Milyon dola nan pwogram Abilitasyon Kominotè
- \$1.7 Milya dola nan sèvis Lajounen ak Anplwa
- \$315 Milyon dola nan Swen Repi
- \$413 Milyon dola nan Lòt Sèvis tankou sèvis klinik yo

Montan Lajan Total OPWDD Te Depanse nan Diferan Sèvis pou ane 2023




Nan ane 2023, OPWDD te ede plis pase 130,000 moun.

Pami moun li te sèvi yo, 65% te di ke yo te gason epi 35% te di ke yo te fi.

Kantite moun OPWDD sèvi yo ogmante chak ane.

Youn nan gwoup ki ogmante plis yo se timoun. Ane pase, 33% moun ke OPWDD sèvi yo se te Timoun (laj 0-24 lane), 57.3% se te Adilt (laj 21- 64 lane), epi 9.7% se te Moun Aje (laj 65 lane ak plis).



OPWDD sipòte plizyè moun diferan ki soti toupatou nan Eta Nouyòk.

Sa gen ladan moun ki gen diferan ras ak gwoup etnik.

Nan ane 2023, majorite moun ki te jwenn sèvis OPWDD yo te idantifye tèt yo kòm moun ki Blan (66%), apres a nou jwenn moun ki idantifye tèt yo kòm moun Nwa (19%) ak Azyatik (4%).

Nan pwochen rapò yo, OPWDD ap travay pou li kolekte ak bay enfòmasyon sou idantite seksyèl anplis enfòmasyon sou sèks yo.



Priyorite 1 Mizajou

Ranfòse Mendèv, Teknoloji ak Kolaborayon Nou

OPWDD te travay pou li jwenn plis anplwaye pou sipòte moun ki gen andikap yo

- OPWDD peye pou piblisite ak yon sitwèb pou li jwenn plis moun ki aplike pou travay kòm DSPs.

Gen plis fòmasyon ki disponib pou anplwaye ki travay avèk moun ki gen andikap yo

- Anplwaye yo kapab jwenn fòmasyon nan 21 kolèj diferan nan Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY) oswa anliy atravè ajans founisè y ap travay pou yo a.
- Yo te fòme plis pase 5,000 anplwaye ane sa a.

OPWDD ap devlope sistèm enfòmatrik ki pi solid

- OPWDD ap pataje plis done anliy.
- OPWDD ap devlope nouvo pwogram enfòmatrik pou fè pwosesis nou nan domèn Oto-Jesyon, lojman ak elijibilite pi rapid ak pi fasil pou suiv.



**Plis pase
35,000**
Moun te vizite sitwèb
founisè yo pou yo
jwenn pòs kòm DSP



**Plis pase
5,000**
DSPs te jwenn
fòmasyon pou yo
founi pi bon sipò



OPWDD ap devlope
nouvo pwogram
enfòmatrik pou fè
bagay yo pi fasil



Angajman pati ki konsène yo

OPWDD te rankontre ak diferan moun ak gwoup ki soti toupatou nan Nouyòk pou pataje enfòmasyon epi tande moun yo k ap di fason OPWDD ka fè pi byen.

OPWDD te òganize rankont anpèsòn nan:

- Saranac Lake
- Rochester
- Saratoga
- New City
- Harlem
- Bronx
- Long Island



OPWDD te òganize rankont anliy tou.

ELEMAN KLE

OPWDD te òganize sèt fowòm anpèsòn nan ane 2024 la.



OPWDD te òganize senk fowòm anliy nan ane 2024 la.



Prèske 200 moun te pataje fidbak ak enkyetid yo bay OPWDD nan fowòm yo.



OPWDD te òganize evènman espesyal pou oto-pledwaye ak moun ki pale Chinwa ak Panyòl.



Moun yo te pale sou Oto-Jesyon, Lojman, Mendèv, Divèsite, Eljibilite ak Kowòdinasyon Swen.



Anpil moun te pale sou fason yo ka ede OPWDD pi byen fè bagay yo.





Priyorite 2 Mizajou

Transfòme Sistèm Nou an gras ak Inovasyon ak Chanjman

OPWDD sibvansyone pwogram pou ede moun ki gen andikap ki vle jwenn travay yo.

- OPWDD te resevwa \$6.7 milyon dola nan Bidjè NYS la pou peye pou nouvo pwogram ak fòmasyon.
- OPWDD te mete règ yo ajou pou pwogram anplwa yo (tankou Pathways ak SEMP) pou fè li pi fasil pou founisè yo ede moun ki vle travay yo.

OPWDD ap amelyore kalite sèvis yo

- OPWDD vizite fwaye kolektif ak pwogram yo pou asire I ke yo suiv règ yo epi ke moun yo ap resevwa sipò yo bezwen an.
- OPWDD ap evalye pwogram yo pou li detèmine kijan yo fonksyone pou moun yo.
 - Sa vle di egzamine done yo, pale ak moun ki resevwa sèvis yo, epi pale avèk founisè yo, CCOs ak anplwaye yo.
- Ane sa a, OPWDD te kòmanse evalyasyon sou Jesyon Swen ak Oto-Jesyon epi li te konplete yon evalyasyon sou Swen Jere.
- OPWDD poste rapò evalyasyon yo sou sitwèb nou an lè yo fini. Ou kapab jwenn [evalyasyon Swen Jere](#) a sou sitwèb OPWDD a.



\$6.7
Milyon dola

Lajan NYS pou itilize
pou pwojè ki ankouraje
Anplwa Anpremye



200

Moun yo te fin
suiv fòmasyon
pwofesyonèl
espesifik



Plis pase
3600

Moun te reponn
Sondaj sou Evalyasyon
Jesyon Swen an



Mizajou nan Sèvis Lojman yo

Pandan dènye ane yo, lojman te yon gwo pwoblèm pou moun ki andikape yo e pou fanmi yo.

OPWDD ap travay avèk moun yo pou kreye yon nouvo plan pou sèvis lojman.

Men kèk nan priyorite yo:

- Jwenn pi bon done konsènan bezwen nan zafè lojman
- Kreye nouvo materyèl pou ede moun yo konprann opsyon lojman yo
- Ede moun yo itilize teknoloji pou yo viv yon fason pi endepandan
- Amelyore sèvis pou moun ki gen pi gwo bezwen yo
- Fè pwosesis chèche ak jwenn lojman vin pi fasil

ELEMAN KLE

OPWDD sou wout kreye yon nouvo sistèm enfòmatic pou ede moun yo jwenn lojman ki koresponn ak bezwen presi yo genyen.



OPWDD ap itilize Operasyon Leta li yo pou ede moun ki gen bezwen ki pi konplèks yo.



OPWDD ap chèche rann pwosesis pou jwenn lojman pi fasil.



OPWDD ap travay pou ede founisè yo pi byen ankadre moun ki bezwen lojman yo.



OPWDD te kreye yon nouvo sèvis ki ede moun yo jwenn ak itilize teknoloji ki ankouraje yo viv yon fason ki pi endepandan.



OPWDD ap kreye yon plan pou amelyore sèvis lojman pou moun yo pandan y ap vyeyi.





Priyorite 3 Mizajou

Ogmante Bay plis Sipò ak Sèvis Nou yo ki Santre sou Moun

OPWDD te travay avèk lòt ajans eta pou kreye nouvo pwogram.

OPWDD ak lòt ajans yo te travay ansanm nan:

- Nouvo pwogram lopital pou jèn yo
- Pwogram pou moun ki nan sitistasyon ki grav
- Jwenn sèvis ak sipò pou moun ki gen bezwen konplèks pou yo ka viv yon fason ki pi endepandan

OPWDD toujou ap travay avèk espè yo pou yo fè yon pi bon travay nan ede tout kalite moun ki gen tout orijin.

- Anplwaye OPWDD yo te jwenn fòmasyon konsènan respekte tout kalite moun, kèlkeswa diferans yo genyen.
- OPWDD te òganize evènman avèk plis pase 300 founisè pou pale sou fason chak moun kapab travay ansanm pou ankouraje egalite.
- OPWDD ap chèche diferan règleman pou detèmine si yo ekitab ak aksesib.
- OPWDD te ekri bagay nan Langaj ki Senp epi li te mete plis pase 1,400 dokiman disponib nan plizyè lang diferan.



Plis pase 300

Founisè te aprann sou diferan kilti ak lang



Plis pase 80

Yo te revize politik yo (règ) pou fè li pi fasil pou moun konprann yo e itilize yo



**Plis pase
1400**

Dokiman te tradui

Sèvis ke Leta Jere

Sèvis ke Leta Jere yo se lojman ak pwogram OPWDD jere yo.

OPWDD ap amelyore kalite sèvis Leta Jere yo pou tout moun yo sipòte yo lè li:

- Ogmante kantite anplwaye yo yo lè li pran plis moun pou travay epi peye yo plis lajan
- Fòme anplwaye yo pou evite abi epi ede sipòte moun ki gen diferan orijin
- Fè li pi fasil pou moun yo jwenn swen sante nan klinik OPWDD jere yo

ELEMAN KLE

NYC te òganize plis evènman kominotè pou ede moun yo santi yo plis konekte.



Yo te vote gwoup oto-defans Central NY's Rome nan kòm Gwoup Oto-Pledwaye ane a.



Parapò ak ane 2022, Finger Lakes & Western NY ede twa fwa plis moun patisipen an pwogram travay d lan.



Bernard M. Fineson te pran nouvo dantis pou travay pou ede moun yo jwenn swen dan.



Staten Island te travay ak inivèsite lokal yo pou ede 20% moun anplis moun jwenn sipò yo bezwen yo.



Nouvo gwoup sou Oto-Pledwaye te kòmanse nan Hudson Valley ak Capital District.





Office for People With Developmental Disabilities

Copyright © NYS Office for People With Developmental Disabilities

Otòn 2024

44 Holland Avenue

Albany NY 12229

(866) 946-9733

info@opwdd.ny.gov

www.opwdd.ny.gov

Suiv nou sou medya sosyal yo @ New York State Office for People With Developmental Disabilities |
Facebook ak OPWDD (@NYSOPWDD) / Twitter.